

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Pangajaran nulis mangrupa salahiji komponén dina kaparigelan makéna basa,nulis ogé mangrupa alat komunikasi teu langsung. Nulis téh hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif, kaparigelan nulis miboga fungsi pikeun ngabantuan prosés mikir sarta mantuandina ngébréhkeun gagasan, pamadegan, jeung pangalaman.

Nulis asalna tina kecap tulis maké rarangkén hareup N- (nasal) anu ngandung harti ‘ngalakukeun’. Tina ieu harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan. (Nurjanah, 2009, kc.1)

NurutkeunLembaga Basa jeung Sastra Sunda (2007, kc. 498) nulis téh nyaéta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté ku parantina. Sedengkeun nurutkeun Tarigan (2008, kc. 22) nulis nyaéta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian paham kana éta tulisan.

Fungsi utama nulis nyaéta mangrupa pakakas komunikasi anu henteu langsung. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan anu pohara penting dina dunya atikan, sabab mangrupa salahiji kaparigelan basa anu kudu dipiboga ku siswa sarta nulis bisamantuan siswa dina prosés mikir. Ku cara nulis siswa bisa ngébréhkeun atawa ngaéksprésikeun gagasan atawa pamadegan, pamikiran, sarta rasa anu dipiboga. Salian ti éta, kagiatan nulis bisa ngamekarkeun daya pikir sarta kréativitas siswa.

Tulisan bisa mantuan mikir kritis, bisa ngagampangkeun matalikeun hubungan-hubungan, bisa nimbulkeun ayana persépsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman.Nurutkeun D'Angelo ( dinaTarigan, 2008, kc. 23) nyindekeun, bisa disebutkeun yén diajar nulis téh taya lian nyaétadiajar mikir ngagunakeun cara nu tangtu.

Warta nyaéta informasi anyar atawa laporan ngeunaan hiji hal anu keur lumangsung, sipatna aktual, faktual, ngirut, tur penting pikeun dipikanyaho ku **Gina Kustinawati, 2014**

**MODÉL PANGAJARANPICTURE AND PICTURE**

**PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (StudiKuasiÉkspérimentalSiswaKelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang Kabupaten GarutTaun Ajaran 2013/2014 )**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

balaréa, dipidangkeun ngaliwatan wangun média cétak, siaran, atawa intérnét. Warta kudu ngandung unsur 5W+1H nyaéta *What* (naon), *who* (saha), *when* (iraha), *where* (di mana), *why* (kunaon), jeung *how* (kumaha).

Bangbaluh nu karandapan ku siswa dina nulis warta téh nyaéta masih loba siswa nu nganggap yén nulis warta téh hésé sarta nalika nulis siswa can bisa ngagunakeun éjahan jeung kekecapan nu merenah. Pikeun ngungkuluan masalah nu kaalaman siswa dina pangajaran nulis, tangtuna teu leupas tina peran guru dina kgiatan diajar ngajar. Guru kudu parigel dina prakna nepikeun bahan pangajaran jeungkudu bisa ngondisikeun kelas sangkan bisa pikabetaheun jeung ngirut siswa nalika pangajaran nulis warta.

Dina kgiatan diajar ngajar aya hiji sistem anu mangrupa beungkeutan anu silih deudeul tur silih rojong kana prosés pangajaran, nyaéta tujuan, bahan, média, stratégi jeung modél pangajaran, sarta évaluasi. Upama bahan pangajaran hayang katepikeun ka siswa tangtu kudu mibanda tujuan anu jelas, lian ti éta kudu ditepikeun kalawan ngagunakeun modél anu cocog sangkan matéri atau bahan ajar bisa katepikeun ka siswa kalayan gampang tur bisa kapaham ku siswa.

Dina prosés diajar ngajar, modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun jeung kgiatan pendidikan sarta pangajaran. Tujuanna sangkan bahan pangajaran bisa katarima kalawan bisa kapaham ku siswa.

Modél pangajaran mangrupa hiji pola atawa padoman pikeun ngararancang kgiatan pangajaran. Modél pangajaran anu luyu mangrupa salasahiji instrumén pikeun ngahontal tujuan pangajaran anu geus ditangtukeun sarta mangrupa tarékah dina nyiptakeun pangajaran anu PAIKEM (*Pembelajaran Aktif, Inovatif, Kreatif, dan Menyenangkan*). Ku ayana modél pangajaran bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran. Ku kituna, di sagédéngéun kamahéran dina ngajar, guru kudu maké modél pangajaran anu inovatif pikeun mantuan siswa sangkan parigel.

Salahsahiji modél pangajaran nu bisa dipaké ku guru dina pangajaran nulis warta nyaéta modél pangajaran *Picture and Picture*. Modél pangajaran *Picture and Picture* nyaéta modél pangajaran anu museur kana daya imajinasi siswa dina nyusun kalimah, sarta maké gambar salaku médiana. Modél pangajaran ieu

biasana dilaksanakeun dina pangajaran nulis, bisa dijadikeun alat pikeun ngajarkeun nulis warta ka siswa SMP.

Di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, anu kungsi nalungtik ngeunaan warta nyaéta Fandy Purnama (2012) ngeunaan “*Efektivitas Média Movie Maker dina Pangajaran Nulis Warta (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya)*”dina ieu skripsi panalungtik nalungtik ngeunaan pangajaran nulis warta ngagunakeun media *Movie Maker*.

Modél pangajaran anu dipaké dina kagiatan diajar-ngajar taya nu dianggap sampurna jeung pangalusna,sabab tiap modél pangajaran tangtuna mibanda karakteristik nu séwang-séwangan. Hiji modél bisa waé éfektif keur hiji kagiatan pangajaran, tapi can tangtu éfektif pikeun kagiatan pangajaran lianna.

Aya sababaraha panalungtikan nu kungsi nalungtik maké modél *Picture And Picture* nyaéta Nurbaiti (2008) ngeunaan “Modél pangajaran *Picture And Picture* dina *Nulis Karangan Eksposisi Siswa SMPN 15 Bandung*”dina ieu skripsi panalungtik ngagunakeun modél *Picture And Picture*dina pangajaran nulis Éksposisi, Mustika Amalia Hidayat (2010) ngeunaan “*Babandingan Metode Ceramah Jeung Metode Picture and Picture dina Pangajaran Nulis Karangan Deskripsi*”, dina ieu skripsi panalungtik ngagunakeun modél *Picture And Picture*pikeun dibandingkeun jeung métode ceramah dina pangajaran nulis karangan déskripsi,sarta Heri Susanto (2013) ngeunaan “*Evektifitas Modél Picture And Picture pikeun Pangajaran Nulis Carpon*”dina ieu skripsi panalungtik nalungtik évektifitas modél *Picture And Picture*dina pangajaran nulis carpon.

Dumasar kana pasualan-pasualan anu geus dijéntrékeun di luhur, ieu panalungtikan nu dijudulan “*ModélPangajaran Picture and Picture pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX B SMP Negeri 1Cikajang Kabupaten Garut Taun Ajaran 2013/2014)*” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan ngeunaan modél

pangajaran *Picture and Picture* dina Pangajaran Nulis Warta ka Siswa Kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang. Anapon masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan museur kana hal-hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis warta di kelas XI B SMP Negeri 1 Cikajang taun ajaran 2013/2014.
- 2) Kamampuh nulis warta sabada ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis warta di kelas XI B SMP Negeri 1 Cikajang taun ajaran 2013/2014.
- 3) Hasil nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis warta di kelas XI B SMP Negeri 1 Cikajang taun ajaran 2013/2014.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah anu dipedar, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti di handap:

- 1) kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture*?
- 2) kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang sabada ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture*?
- 3) naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, sacara umum tujuan ieupanalungtikan nyaéta pikeun nguji éfektif heunteuna modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis warta.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sedengkeun tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeyun:

- 1) kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis warta siswa kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang taun ajaran 2013/2014;
- 2) kamampuh nulis warta sabadangagunakeun modél pangajaran *Picture and Picture* dina pangajaran nulis warta siswa kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang taun ajaran 2013/2014;jeung
- 3) bédana antara kamampuh nulis warta siswa kelas IX B SMP Negeri 1 Cikajang saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Piture and Picture*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran nulis warta. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kréatifitas guru dina ngagunakeun modél pangajaran sangkan teu monoton. Salian ti éta dipiharep ogé bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina nyangkem pangajaran disakola, sarta bisa ngaronjatkeun minat pikeun leuwih resep diajar basa Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Unggal panalungtikan anu dilaksanakeun tangtu kudu miboga mangpaat. Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, diantaranapikeun:

- 1) Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis warta saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél pangajaran *Picture and Picture*. Sarta bisa nambahán pangaweruh dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta.

2) Siswa

Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta.

3) Guru

Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré gambaran, modél pangajaran nu kumaha nu cocog pikeun dipaké dina prosés pangajaran nulis warta pikeun siswa.

4) Lembaga Atikan

Pikeun lembaga atikan, hususna Jurusan Pendidikan Basa Daerah, pikeun nambahana koléksi réféensi kaélmuan dina kabahasaan, utamna hasil panalungtikan ieu aya patalina jeung dunya atikan pikeun bahan pangajaran di sakola-sakola.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab .Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan pustaka, raraga mikir, jeung hipotésis, nu ngawengku wangenan nulis warta, wangenan modél pangajan *Picture and Picture*, raraga mikir jeung hipotésis sarta sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran;

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, medar nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data;

Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan, medar ngeunaan déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Picture and Picture* pikeun pangajaran nulis warta; jeung

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, jeung méré saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.